# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 दिसम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु हरियाणा के पानीपत से महिला सशक्तीकरण अउर वित्तीय समावेसन के समर्पित बीमा सखी योजना क सुभारंभ कइलें। योजना के सुरुआत के मौका पर प्रदेस के नौ गो जिलन मेरठ, बरेली, अलीगढ़, आगरा, लखनऊ, बनारस, कानपुर, प्रयागराज अउरि गोरखपुर क मेहरारू वर्चुअल जरिया से आयोजन क हिस्सा बनलिनि।

येह मौका पर अपने सम्बोधन में प्रधानमंत्री कहलें कि भारत बरिस दुई हजार सैंतालिस ले विकसित होखले के संकल्प के साथे चलि रहल हवे। ओहां कि कहलीं कि लाखों बेटियन के बीमा एजेंट, बीमा सखी बनवले क अभियान सुरु हो रहल हवे। जवन सेवा क फायदा पवले से कब्बो ऊ लोगि वंचित रहलिनी आजु ओहि सेवा से दुसरे लोगिन के जोड़ले क जिम्मा ओन्हे दीहल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री के संसदीय इलाका बनारस के मंडलायुक्त कार्यालय में कार्यक्रम के वर्चुअल प्रसारण के दौरान मौजूद बीमा सखी के तौर पर काम करे वाली मेहरारू सरकार के कोसिसन क तारीफ कइलिन। ऊ लोगि कहली कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी जवन तरियन मेहरारून के जिनगी के सरल आ आसान बनवले के साथे ओनके आर्थिक तौर पर मजबूत बनवले क काम कइ रहल हवें, ई ओनकरे संवेदनसीलता के देखावे ला।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सत्तर बरिस चाहे एहसे बेसी उमिरि के बुजुरूग लोगिन के आजु गोरखपुर के महंत दिग्विजयनाथ पार्क में आयुष्मान वय वंदन कार्ड बंटलें। येह मौका पर उहां के प्रधानमंत्री जन आरोग्य आयुष्मान भारत योजना अउर मुख्यमंत्री जन आरोग्य योजना के लाभारथियन से बतियवलें। उहां के लाभारथियन के आयुष्मान कार्ड क खासियत बतवलीं अउर कहलीं कि एहसे हर सालि पांच लाख रूपिया ले क निःसुल्क इलाज क सुविधा मिले ला। आयुष्मान वय वंदन कार्ड के जरिये परिवार के सत्तर बरिस चाहे एहसे बेसी उमिरि के बुजुरूग लोगिनों के ई सुविधा हर सालि मिल सकी।

**********

महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद के बानबेवां संस्थापक सप्ताह समारोह क मुख्य महोत्सव बिहने गोरखपुर के महाराणा प्रताप इंटर कॉलेज मैदान में मनावल जाई। चारि दिसम्बर से सुरू भइल येह योजना के समापन कार्यक्रम में बिहने मुख्य अतिथि के तौर पर नोबेल पुरस्कार विजेता कैलाश सत्यार्थियो हिस्सा लीहें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कार्यक्रम क अध्यक्षता करिहें। येह मौका पर सिक्षकन, करमचारियन अउर करीब आठ सौ विद्यार्थियन के सम्मानित कइल जाई।

**********

सर्वोच्च न्यायालय चुनाव आयोग के कार्यस्थल पर मेहरारून के यौन उत्पीड़न अधिनियम दुइ हजार तेरह के प्रावधान के हिसाबि से राजनीतिक दलन में यौन उत्पीड़न के सिकाइतिनि से निपटे खातिर सक्षम प्राधिकारी बतवले हवें। राजनीतिक दलन के यौन उत्पीड़न विरोधी कानूनन के तहत सामिल करे क मांगि करे वाली जनहित याचिका पर सुनवाई करत न्यायमूर्ति सूर्यकान्त क अध्यक्षता वाली पीठि ई टिप्पणी कइलसि अउर याचिका के निस्तारित कइ दिहलसि।

**********

गौतमबुद्धनगर जिला में एशिया क सबसे बड़हन नोएडा इंटरनेशनल एयरपोर्ट पर आजु से विमानन क ट्रॉयल सुरू कइ दिहल गइल। एयरपोर्ट पर आजु सबसे पहिले इण्डिगो कम्पनी क विमान उतारल गइल, जेकर वाटर कैनन से स्वागत भइल। ई एयरपोर्ट प्रदेस क पचवां इंटरनेशनल एयरपोर्ट हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पचीस नवम्बर दुइ हजार एक्कइस के येह हवाई अड्डा क नेइ धइले रहलें।

**********

प्रदेस सरकार क खेल आ युवा कल्याण मंत्री गिरीश चन्द्र यादव जौनपुर जिला में केन्द्रीय विद्यालय के बनावे के पहल खातिर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर सज्जो सहजोगी मंत्रियन के प्रति अभार जतवले हवें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में उहां के कहलीं कि येह विद्यालय क निरमाण जौनपुर के विकास में मील क पाथर साबित होई। एहसे लइकन के गुणवत्तायुक्त सिक्षा बदे भटके के नाहीं परी। केन्द्र सरकार हलिये में देस भर में पचासी गो नया केन्द्रीय विद्यालय खोलले क फैसिला लिहले हवे। एहमें से पांच गो विद्यालय उत्तर प्रदेस के जौनपुर, महराजगंज, बिजनौर, अजोध्या अउर कन्नौज जिला में खोलल जइहें।

**********

प्रदेस के गौतमबुद्धनगर अउर पीलीभीत के ले के कई गो जिलन में बीतल राति से हल्लुकाहे से ले के तेज बुन्नी परल हवे, हलांकि थोरके देर बाद मौसम सामान्य हो गइल। मौसम विज्ञान विभाग अगिला छौ दिन ले मौसम के सुक्खल रहले क आगम जतवले हवे। इग्यारह से तेरह दिसम्बर के बिच्चे पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कुछु जगहिनि पर सितलहरियो क धिरवनिया दीहल गइल हौ। विभाग की ओरि से प्रदेस में देरि राति अउर भिन्नहीं के समय आजु से दुइ दिन ले कुछु जगहिनि पर घना कुहेसो क आगम जतावल गइल हौ।

मौसम विज्ञान केन्द्र की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से तेरह से पनरह दिसम्बर ले देर राति अउर भिन्नहीं कुछु जगहिनि पर हल्लुकाहे से मध्यम कुहेसा क असर देखल जा सके ला। सथहीं, आवे वाला तीनि दिन ले अधिकतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस क गिरावट होई, जबकि दुइ दिन के बादे न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क आगम हवे।

**********